



**DEPATMAN PWOTEKSYON KONSOMATÈ  
AK TRAVAYÈ (DEPARTMENT OF  
CONSUMER AND WORKER  
PROTECTION, DCWP) SANT LISANS**  
42 Broadway, Lobby  
New York, NY 10004

**Sou Randevou Sèlman Èdtan  
Fonksyonnan:**

Lendi-Jedi: 8 a.m. – 4 p.m.  
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

**SANT SIPO TI BIZNIS NYC**  
90-27 Sutphin Blvd, 4yèm Etaj  
Jamaica, NY 11435

**Sou Randevou Sèlman Èdtan  
Fonksyonnan:**

Lendi-Jedi: 8 a.m. – 4 p.m.  
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

## SÈVIS AN PÈSÒN SOU RENDEVOU SÈLMAN

Ou dwe pwograme yon randevou pou w soumèt aplikasyon lisans ou a an pèsòn nan Sant Lisans DCWP a (DCWP Licensing Center) ak Sant Sipò Ti Biznis NYC (NYC Small Business Support Center). Gade nan seksyon **Pwosesis pou Depoze Aplikasyon** an.

*Remak:* Paske sèvis an pèsòn lan limite, nou ankouraje ou pou ou utilize sèvis anliy nou an ki disponib 24/24 7/7 nan [nyc.gov/BusinessToolbox](http://nyc.gov/BusinessToolbox).

## Lis Verifikasyon pou Lisans Gid Touristik

### Kiyès ki dwe Genyen yon Lisans pou Gid Touristik?

Ou dwe gen yon lisans Gid Touristik pou gide oswa dirije moun nan nenpòt kote oswa zòn ki gen enterè publik oswa pou eksplike, dekri oswa fè konferans sou nenpòt kote oswa zòn ki gen enterè publik bay nenpòt moun ki gen koneksyon ak vwayaj oswa vizit touristik anndan vil la.

Aplikan pou gid touris yo dwe gen omwen 18 tan.

Deskripsyon sa a se yon eksplikasyon jeneral sou kils ki dwe genyen yon Lisans Gid Touristik.

### Lis Rapid sou Kondisyon ki Obligatwa yo pou Aplike pou yon Lisans Gid Touristik

*Ale nan seksyon Kondisyon (Egzijans) yo pou ou jwenn eksplikasyon ak plis detay. Fè si ou respekte tout kondisyon (egzijans) yo; sinon, aplikasyon w lan p ap konplè. DCWP ka aksepte sèlman aplikasyon ki konplè yo sèlman pou li ka bay lisans.*

- Aplikasyon Debaz Endividylè pou Lisans
- Dokiman idantifikasiyon ak foto moun k ap aplike pou lisans lan.
- Yon foto koulè nan dimasyon paspò ki reprezante moun k ap aplike pou lisans pou moman an menm.
- Analiz Modènizasyon Gid Touristik ak Frè Analiz ki se \$50
- Otorite pou Aji - Atestasyon (*si sa aplikab*)
- Frè pou Lisans

*Lè w ap soumèt aplikasyon w lan, sa pa vle di lisans ou an apwouve otomatik.*

## Lòt Pèmi/Lisans/Otorizasyon Ou ta Kapab bezwen nan Vil lan oswa Eta a:

Yon antrepriz dwe gen yon lisans Bis Touristik DCWP pou kondi yon machin ki ap pote ywit oswa plis pasaje k ap peye ale nan kote ki gen enterè piblik oswa yon kote pou anmize yo oswa pou yon vwayaj espesifik oswa espesyal soti nan yon kote ki anndan vil New York City.

Se pa vle di se yon lis konplè sa ye. Gade nan Seksyon Resous Adisyonèl yo.

## Pwosesis pou Depoze Aplikasyon



Ale sou [www.nyc.gov/BusinessToolbox](http://www.nyc.gov/BusinessToolbox) pou soumet aplikasyon w lan anliy.

OSWA



Pwograme yon randevou pou ranpli li an pèsòn nan Sant Lisans DCWP an oswa nan Sant Sipò Ti Biznis NYC (adrès yo nan paj 1 an).

**Atravè Imèl:** [LicensingAppointments@dcwp.nyc.gov](mailto:LicensingAppointments@dcwp.nyc.gov)

**Atravè Telefòn\***: Rele nan (212) 436-0441. (Lendi pou Vandredi, 8 a.m. rive 4 p.m.)

\*Nimewo sa a se pou pran yon randevou pou sèvis an pèsòn sèlman.  
Pou tout kalite kesyon, ekri nan imèl sa [onlineappsdocs@dcwp.nyc.gov](mailto:onlineappsdocs@dcwp.nyc.gov).

Sèvis Entèpretasyon Gratis Anliy yo disponib sou plas. Pou fè yon demann akomodasyon ki gen pou wè ak andikap tanpri ekri yon imèl bay Kowòdinatè Lwa pou Ameriken ki Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA) pou DCWP oswa Americans with Disabilities Act la nan [DCWPADACoordinator@dcwp.nyc.gov](mailto:DCWPADACoordinator@dcwp.nyc.gov) oswa ale sou [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) epi chèche "accommodations" (akomodasyon).

## Kondisyon (Egzijans)

**DCWP p ap aksepte aplikasyon w lan si ou pa remèt dokiman ak enfòmasyon yo mande yo:**

- **Aplikasyon Debaz Endividiyèl pou Lisans** (li vini ak dokiman sa a).
- **Dokiman idantifikasiyon ak foto moun k ap aplike pou lisans lan.**

Fòm Idantifikasiyon yo aksepte:

- Lisans pou kondwi oswa yon idantifikasiyon ki pa yon Lisans pou kondi nenpòt Eta bay moun k ap viv ladan yo nan Etazini.
- Lisans oswa pèmi yon ajans gouvènman an te ba ou Paspo
- Kat Rezidans
- Yon Kat Idantite Anplwaye Meri a, Eta a oswa administrasyon Federal la.
- Kat Idantite Minisipal

- **Yon foto koulè nan dimasyon paspò ki reprezante moun k ap aplike pou lisans pou moman an menm.**

*An Pèsòn:* DCWP pral fè foto moun k ap aplike pou lisans yo san yo pa peye anyen nan Sant Lisans DCWP an (adrès la nan Paj 1 an). Moun k ap aplike yo ka soumet yon foto koulè nan dimasyon paspò.

*Sou Entènèt (Anliy):* Moun k ap aplike pou lisans yo ka pibliye yon fichye imaj ki genyen foto dijital paspò yo. Yon kamera dijital ki gen yon rezolisyon 1 megapiksèl ap bay bon rezulta.

- **Analiz Gid Touristik ak Frè Analiz ki se \$50.**

Ou dwe pwograme yon randevou avèk ExamBuilder pou ka fè Egzamen Gid Touristik la.

#### **ENPÒTAN:**

- Ou ka pwograme egzamen an 24 èdtan *apre* DCWP fin trete aplikasyon lisans ou ranpli a, ki gen ladann dokiman ak frè obligatwa yo. *Ou pa ka pran yon randevou pou egzamen an toutotan DCWP pa resevwa epi pa trete dokiman ak frè ki obligatwa yo.* Lè DCWP fin trete aplikasyon w lan, sa ap pran 24 èdtan pou enfòmasyon w yo parèt nan sistèm ExamBuilder a.
- **Ou gen 60 jou pou w fè epi pase egzamen an depi lè enfòmasyon w yo parèt nan sistèm ExamBuilder a.**
- Sant Tès yo ouvè soti 9:00 a.m. jiska 5:00 p.m. sèt (7) jou sou sèt (7) nan plizyè kote nan tout vil la. ExamBuilder ka konfime kote ki disponib yo lè w pwograme egzamen w lan.
- Ou ka pwograme egzamen an nan YOUN nan de (2) fason sa yo:
  1. Anliy sou [dcaschedule.exambuilder.com](https://dcaschedule.exambuilder.com). Rantre Nimewo Aplikasyon w lan, epi kliké sou "Continue" (Kontinye).
    - Ou ka jwenn Nimewo Aplikasyon an sou Paj Konfirmasyon Aplikasyon Lisans ou an oswa sou resi peman w lan.
  2. Atravè telefòn: (646) 974-8244
    - Sèvis Kliyantèl disponib soti 9è:30 a.m. jiska 5è:30 p.m. sèt (7) jou sou sèt (7).

Egzamen yo gen 150 kesyon ladan yo. Ou dwe byen reponn 97 kesyon pou ou pase li. Frè egzamen \$50 an ak frè lisans an se de (2) bagay diferan. Frè egzamen an pa ranbousab. Si ou echwe nan egzamen an de (2) fwa, ou dwe peye frè egzamen an ankò pou ou refè egzamen an.

Vizite [nyc.gov/BusinessToolbox](http://nyc.gov/BusinessToolbox) pou **Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ): Egzamen ak yon Referans Etid** pou ede w prepare pou egzamen an.

- **Otorite pou Aji - Atestasyon** (li vini ak dokiman sa a). Obligatwa si yon lòt moun olye moun ki fè demann lisans lan dwe prepare epi soumet aplikasyon sa a.

*Remak:* Aplikan an dwe siyen aplikasyon lisans lan ansanm ak tout lòt fòm ki gen rapò yo.

- **Frè pou Lisans.**

Peryòd Lisans: 2 ane	Dat Ekspirasyon: 31 mas Ane Pè	Frè pou Lisans:
Si ou Depoze Aplikasyon Ou an Nan Dat Sa Yo:	Opsyon 1:	Opsyon 2:
Apati 1ye avril nan yon ane pè jiska 30 septanm nan yon ane pè	Peye <b>\$50</b> pou yon lisans k ap ekspire 31 mas nan ane pè ki swiv la. <i>(Valid pou pi plis 24 mwa.)</i>	
Apati 1ye oktòb nan yon ane pè jiska 31 mas nan yon ane enpè	Peye <b>\$38</b> pou yon lisans k ap ekspire 31 mas nan ane pè ki pi pre a. <i>(Valid pou pi plis 18 mwa.)</i>	
Apati 1ye avril nan yon ane enpè jiska 30 septanm nan yon ane enpè	Peye <b>\$25</b> pou yon lisans k ap ekspire 31 mas nan ane pè ki pi pre a. <i>(Valid pou pi plis 12 mwa.)</i>	
Apati 1ye oktòb nan yon ane enpè jiska 31 mas nan yon ane pè	Peye <b>\$13</b> pou yon lisans k ap ekspire 31 mas nan ane pè ki pi pre a oswa menm ane pè sila a. <i>(Valid pou pi plis 6 mwa.)</i>	Peye <b>\$63</b> pou yon lisans k ap ekspire 31 mas nan ane pè k ap vini an. <i>(Valid pou pi plis 30 mwa.)</i>

Peye avèk:

- Chèk oswa manda postal (money order) bay DCWP. (*An pèsòn*)
- Kat Kredi (Visa, MasterCard, American Express, Discover Card sèlman). Ou dwe peye yon Frè Dosye yo p ap Ranbouse ou. (*An pèsòn oswa anliy*)

### Resous Anplis pou Gid Touristik yo

- Pou konnen lwa ak règ ki kapab aji sou biznis ou an, vizite [nyc.gov/BusinessToolbox](http://nyc.gov/BusinessToolbox).
- Pou jwenn **Lis Verifikasyon Enspeksyon: Bis Touristik**, vizite [nyc.gov/BusinessToolbox](http://nyc.gov/BusinessToolbox).
- Pou jwenn enfòmasyon ki pou ede biznis ou an louvri, fonksyone, ak grandi, vizite [nyc.gov/business](http://nyc.gov/business).